


## ЦУППАРИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД

***Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон гадзирахаттæй æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тохмæ Мæздæги райони Павлодольскийи гъæусовети цæргутæ рандæ 'нцæ дзиллонæй. Еци тугъдонтæй сæ фидиуæзæгбæл нæбал исæмбалдæнцæ 322 адæймаги, сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау. Уони рохс нæмттæ æностæмæ исцитгин кæнуни туххæй син се 'мзæнхонтæ сæ райгурæн гъæуи ниввардтонцæ, мæнæ къари ке уинетæ, еци еумæйаг номерæн циртдзæвæн.***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№14 (795) 2021 анзи 22 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман

## НАМУСИ ДЗÆХÆРАДОНÆ – БÆГЪАТÆР ТУГЪДОНИ НОМБÆЛ





Аци бæнтти фæуунтæбæл æй Еугуруæрæсеуон сæрмагонд мадзал – нæ бæсти еугур рауæнти дæр сагъд цудæнцæ Устур Фидибæстон тугъди бæгъатæрти номерæн дзæхæрадæнттæ.

Уæхæн дзæхæрадонæ æрæги фæззиндтæй Чиколай дæр – се 'мгъæуккаг Советон Цæдеси Бæгъатæр **Махъоти Амурхани фурт Алихани** номбæл, си сагъд æрцудæй сурх толдзи 3400 талай.

Аци дзæхæрадони ахедундзийнадæ уæлдай бæрзонд æй: арæзт æрцудæй немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй Цæгат Иристон исуæгъдæ кæнуни тугъдтитæ кæми цудæнцæ æма си Махъойфурт кæми архайдта, раст уоми. Уæдта еума æримисуйнаг хабар – мартъий исæнхæст æй дууинсæй анзи, Махъоти Алихан æ уæлзæнхон цардæй ку рахецæн æй, уобæл (1981 анзи мартъий мæйи). Æхуæдæг куд ниуусиат кодта, уотæ 'й байвардтонцæ, Чиколай алфамбулай тугъдтити æ тугъдон æмбæлттæй ка фæммард æй, уони ци Æнсувæрон цирти байвардтонцæ, уоми – æ райгурæн гъæуи хорискæсæни 'рдигæй уæлбилæ Æнсувæрон уæлмæрдти.

Махъоти Алихани рохс ном иронх нæй е 'мзæнхонтæй – æ ном лæвæрд æрцудæй Чиколай гъæунгтæй еуемæн, уæдта æ рæстæги ами ци скъола каст фæцæй, уомæн дæр. Амæйфæстæмæ ба ма æ райгурæн зæнхæбæл деденæг калдзæнæй æ номбæл дзæхæрадонæ.

Махъоти Алихани туххæй æрмæг кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл.

Махъоти Алихани туххæй æрмæг кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл.

## ЗОНУЙНАГ




## «ХУÆНХАГ ИЗÆРТÆ» УОДÆНЦОЙНÆ ХÆССУНЦÆ ДЗИЛЛÆН...

Цæгат Иристони æскъуæлхт артисткæ **Секъинати Элити** хъæппæресæй 2010 анзæй фæстæмæ нæ республики æнхæстгонд цæуй музыкалон проект **«Хуæнхаг изæртæ».** Æ нисан æй, фиццаги-фиццагидæр, нæ маддæлон æвзаг багъæуай кæнун, уæдта нæ артисттæн исфæлдистадон гъуддагæй сæ къохи ци нæуæг æнтæстдзийнæдтæ æфтуйуй, уони хæццæ нæ дзилли зонгæ кæнун.

Аци анз концерт «Хуæнхаг изæртæ» райдæдта сахар Дигорайæй, фæстæдæр ба арæзт æрцудæй Чиколай гъæуи. Дзæуæгигъæуи ба концерт «Хуæнхаг изæртæ» уодзæнæй 28 апърели, райдайдзæнæй 19 сахаттебæл металлургти Галауани. Архайдзæнæнцæ си нæ республики зундгонддæр зартæгæнгутæ.

Бæлвурддæр хабæрттæ базонæн ес телефонæй: **8-918-827-01-50; 99-13-31.**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ 2021 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 357 СОМИ 36 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 315 СОМИ 90 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**

***Номдзуд уруссаг финсæг Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910) уотæ фæдзахста: «Раст над уæхæн æй: дæ разæй ка цардæй, уони гъуддæгутæ базонæ, балæдæрæ æма идарддæр цо...» Уæдта ма уотæ дæр финста: «Цардæн аргъ кæнун гъæуй æ бæрцæмæ гæсгæ нæ, фал, цæйбæрцæбæл хуæрзгъæдæ 'й, уомæ гæсгæ...»***



# РÆСТУОДÆЙ КОСУН КЕ ФÆНДУЙ, Е БОНУОДДÆРТÆ НÆ КÆНУЙ...

ЦÆГАТ Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло** си сæрдареуæг кодта, уотемæй адтæй Хецауади радон æмбурд. Дзубанди си цудæй нæ республики социалон-экономикон цардиуаги фарстатæ, паддзахадон программити нисантæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уæдта сæ идарддæри райрæзтæн ци ма исаразун гъæуй, уобæл; æркастæнцæ æдасдзийнади фарстатæмæ дæр.

Æмбурди райдайæни Сергей Меняйло фегъосун кодта хецаудзийнади исконди кадрти фарстай ци еуæй-еу æйййивддзийнæдтæ 'рцудæй, уой туххæй. Зæгъæн, республики Хецауади Сæрдари хуæдæйййевæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæгæй нисангонд æрцудæй **Туйгъанти Ларисæ**.

Æмбурди ци берæ фарстатæмæ каст æрцудæй, етæ еугурæйдæр ахсгиаг адтæнцæ, фал си уæддæр уæлдай сæйрагдæр хузи каст æрцудæй нæ республики оперативон уавæр, сæйгæ адæмæй уæлбаргинтæн ахсгиагдæр хуастæ лæвæрд куд цæунцæ, хуайраги продукттæ æма афтекти хуасти æргътæмæ, фæккæсун гъæуагæ адæймæгути курдиæдтæ æвзурст куд цæунцæ, уомæ.

Аци фарстати фæдбæл бæрнон ка 'й, хецаудзийнади еци къабæзти минæвæрттæ кæд сæ фегъосункæнуйнæгтæ бацæттæ кодтонцæ, уæддæр Сергей Меняйло еци дзуæппитæй аразийæй нæ байзадæй.

Куд баханхæ кодта, уотемæй хецаудзийнади еугур къабæзти, муниципалитетти сæргълæугутæн æма сæ бæрнон косгутæн сæ кусти бæлвурддзийнадæ гъæуама уинонцæ нæ республики цæргутæ.

– Абони ци райаразуйнаг ахсгиаг гъуддæгутæ ес республики, уони æнæмæнгæ æнхæст кæнунбæл гъæуама æновудæй архайæн еугурæйдæр еумæ. Еугур территориалон оргæнтæй дæр агорун, цæмæй нæ алли æмбурдмæ дæр, сæ къуæрей кусти туххæй бæлвурд бæрæггæнæнтæй æнхæст игъосункæнуйнæгтæ.

Цæгат Иристони оперативон уавæри фæдбæл радзубандигæнæг, æнæнгъæлти ка 'рцудæй, кæми зингисервæзт, кæми ба кæмтти зæйи лæсæнтæ – еци цаути фæдбæл хатдзæгтæ кæд искодта, уæддæр е фагæ нæй. Мæн гъæуй зонун, циуавæр мадзæлттæй архайд цудæй еци цаути фæстеугутæ райеуварс кæнунбæл, уой.

Иннæ хабар. Бæрæг бæлвурд нæй, уæлбартæ кæмæ ес, еци сæйгæ адæймæгутæн гъæугæ хуастæ куд лæвæрд цæунцæ, сæ номхигъд, е дæр. Сæйгити фæзуæттæбæл ба хецæн адæймæгути афтектæ гъæуама ма уа, е дæр æй закъони домæн. Хуасти æма хуайраги продуктти æргътæ уæлæмæ нæ уадзунæн дæр иссеретæ гъæугæ ахедгæ мадзæлттæ, цæмæй, цæйбæрцæ æнгъезуй, уомæй уæлдæр ма бæрзонддæр кæнонцæ.

Рæхги нæмæ арæзт æрцæудзæнæй цалдæр бæрæгбоней дзиллон мадзæлттæ. Фал нури уæнгæ дæр, ами дæр сагъæссаг фарстатæ ес, республикæ æхе Уæлахези бонмæ куд цæттæ кæнуй, уой æз нерæнгæ нæма фæуудтон. Еу бон æрзилдтæн Дзæуæгигъæубæл, æма уойбæрцæ рекламитæбæл нæййес еунæг ветерани къарæ дæр. Уотемæй ба мах республикæн ци хъæйтардзийнади истори ес, уæхæн берæ регионти нæййес.

Нæ республики Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг ма бауайдзæф кодта, сахари гъæунгтæ берæ рауæнти ке искъахтонцæ æма си коммуникацити куст ке ниддæргъвæтийнæ 'й, уой фæдбæл дæр, æма бафæдзахста арæзтадæ æма архитектури министрадæн, айдагъ аци фарстамæ нæ, фал скъолати алфамбулай, гъæунгти гъæугæ нисантæмæ дæр æркæсун. Сергей Меняйло байхæс кодта, цæмæй исхарзкæнуйнаг бюджетон æхцатæ æнæгъæнæйдæр гъæуама цæуонцæ къазнай еувæрсти нæ, фал уобæлти.

– Адæми царди уавæртæ æз мæ кусти нимайун сæйрагдæрбæл, æма еци хузи куст федарæй агордзæнæн, бæрнон бунætти ка 'й, уонæй сæ еугуремæй дæр, – баханхæ кодта æ радзубандий Сергей Меняйло. – Цæудзæнæн районтæмæ, адæми хæццæ æмбæлдзæнæн. Районти æма муниципалитетти сæргълæугутæмæ сæ ахсгиаг лухкæнуйнаг фарстати хæццæ ка æрбацæуа, уонæй ке гъастмæ не 'рцæуа каст, еци разамонгути хæццæ æндæр хузи дзубанди кæндзинан. Адæмæн гъæуй агъаз кæнун, æма еци фарстатæбæл алли чиновник дæр гъæуама архайа. Зæнхити фæдбæл ба зæгъдзæнæн уотæ: зæнхæй ка пайда кæнуй, еци адæймæгутæ хъалон феддзæнæнцæ закъони бундорбæл. Некæмæй неци есæн, айдагъдæр, куд æнгъезуй, уотæ федæнтæ хъалонтæ республики бюджетмæ.

Республики разамонæг бони фæтки фарстати фæдбæл бæлвурд амунддзийнæдтæ равардта профилон ведомствити минæвæрттæн.

# АДÆЙМАГÆН Æ ТУХСТ УАВÆРИ Æ ФАРСМÆ БАЛÆУУН ГЪÆУЙ...




РЕСПУБЛИКÆ Цæгат Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло** хецауади æнхæстгæнæг оргæнти разамонгути хæццæ ци фембæлд исаразта, уоми дзубанди цудæй, хе фæрæзнити фæрци фатертæ исамал кæнун ка исфæндæ кодта, фал си ка фæффудевгед æй æма цидæр анхосæгти фудæй цæрæнуæттæ ка нæ райста, еци адæми бартæ багъæуай кæнунбæл.

Нæ республики Арæзтадæ æма архитектури министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Моргуати Константин** куд радзурдта, уотемæй, æ рæстæги адæми къуæрттæн хæдзæрттæ аразун ка райдæдта, фал арæзтæдтæ кæронмæ ка нæ рахъæртун кодта, уæхæн компанитæй цалдæр бабун æнцæ. Уомæ гæсгæ ба æрдæгарæзтæй ниуугъæтонцæ 6 берæфатерон цæрæн хæдзари (сæ еумæйаг фæзуат – 60 мин квадратон метри). Адæм æхца бафистонцæ, сæ зæрдæ дардтонцæ нæуæг фатертæ райсунбæл, фал сайди бахаудтæнцæ.

Адæми еци къуæртти бартæ гъæуама закъони бундорбæл гъæуайгонд æрцæуонцæ. Уæхæн нисан профилон ведомствити размæ исæвардта Сергей Меняйло. Æ дзубандимæ гæсгæ, фарста ралух кæнуни гъуддаги æнгом æмгустадæ гъæуама уа Цæрæнуæтти арæзтади сæйраг адæми бартæ гъæуайгæнæг федералон фонди хæццæ.

Моргуати Константин куд фæббæлвурд кодта, уотемæй нуртæккæ гъæугæ гæгъæдитæбæл косунцæ, цæмæй еци хæдзæртти арæзтадæ кæронмæ рахъæртун кæнонцæ. Æ дзубандимæ гæсгæ, еци объекттæбæл куститæ рахецæн кæнунæн республикæ гъæуама байагора 98 миллион сомей бæрцæ. Еци æууæл лæдæргæй, республики разамонæг финансти министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Оксанæ Каровайæн** байхæс кодта, цæмæй аци нисанæн гъæугæ фæрæзнитæ радех кæнонцæ республикон бюджетæй, æцæг, еци фарста уотæ исаразун гъæуй, цæмæй иннæ ахсгиаг социалон хæрзтæ æгириддæр кадаваргонд ма 'рцæуонцæ.

Æмбурди архайгутæ се 'ргом раздахтонцæ, адæми кæлæддзаг хæдзæрттæй нæуæг цæрæнуæттæмæ раййевуни программæ куд æнхæстгонд цæуй, уомæ дæр.

# АДÆМИ АЛЛИБОНИ ЦАРД ÆДАС КУД УА...

ЦÆГАТ Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйлой** разамундæй адтæй террористон фæззиндтитæ ма не 'руадзуни фарстати фæдбæл республикон Къамиси радон æмбурд.

Æмбурди архайгутæ æркастæнцæ, адæм берæгæйттæй кæми фæуунцæ, еци объекттæ æма бунæтти террористон фæззиндтитæй гъæуайкæнуйнади мадзæлттæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уомæ. Аци фарстай фæдбæл радзубанди кодта Национ гвардий æфсæдти федералон служби цæгатиристойнаг управлений хецауи хуæдæйййевæг **Дмитрий Подвысоцкий**.

Ведомстви минæвари радзубандийæн хатдзæгтæ кæнгæй, Сергей Меняйло министрадæ æма иннæ структурити разамонгутæн байхæс кодта, цæмæй фарстамæ цæстдард уа еудадзуг, лæмбунæг. «Террористон фæззиндтитæ ма 'руадзуни фарстати фæдбæл къамис æма Оперативон штаб ахедгæ куст кæнунцæ террористон фæззиндтити тасдзийнадæ минкъийдæр кæнунбæл, æма еци куст идарддæр дæр æнæкъулумпийæй гъæуама цæуа», – бафеппайдта республики разамонæг.

**Иристони наукæ æма культури номдзуд архайæг, финсæг æма æхсæнадон архайæг Ælборти Андрейи фурт Бариси райгурдбæл 24 апърели æнхæст кæнуй финддæс æма æхсæзинсæй анзи (1886-1968).**

*Аци бæнтти Æрæдони Цæгат Кавкази аграрон-технологон колледжи цæунцæ еристæ нæ национ къеретæ фицунæй. Архайунцæ си Уæрæсей æстдæс регионеми бунæттон еристи 14-22-анздзуд уæлахездзаутæ. Сæ дæсниадæ æвдесунцæ аллихузон къеретæ кæнунæй. Ка си дæснидæр æй, е исбæрæг уодзæнæй майрæнбони, 23 апърели.*



«Цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради уавæрæн бæлвурд аргъ искæнунæн æма, еци къабази 'рдигæй лæггæдти хуæрзгъæдæдзийнадæ цæмæй бæрзонд уа, уомæн нæмæ ес равгитæ дæр æма фæрæзнитæ дæр. Алцæмæйдæр ахсгиагдæр æй цæргути 'хсæн куст гъæугæ хузи райаразун. Сæйрагдæр домæн – нæ кустæй нин адæм гъæуама боз уонцæ!..» – уотæ баханхæ кодта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Хецауади Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тускъати Тайморазæн** нæ республики цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради, артаг æма энергетики министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тамати Майрæн,** æрæги видеобастдзийнади фæрци ци фембæлд арæзт æрцудæй, уоми.



# «НÆ КУСТÆЙ АДÆМ БОЗ КУД УОНЦÆ...»

ЕВГЪУД анзи кустити бæрæггæнæнти æма исонибонмæ нисанти туххæй дзоргæй, Тамати Майрæн куд фегъосун кодта, уотемæй кæлæдздзаг хæдзæртти цæргути нæуæг цæрæнбунæттæмæ райиевуни туххæй арæзт программи фæрци 2019-2024 æнзти Дзæуæгигъæуи, Дигори æма Рахесфарси районти, Мæздæги цæргутæ исуодзæнæнцæ нæуæг фатерти хецæуттæ. Æдеугурæй программи фæлгæти нæуæг фатертæмæ райиивтонцæ аст æма дууинсæй бийнонти, Дигори райони равардтонцæ цуппар фатери.

Программæ фарæ æнхæстгонд цудæй Рахесфарси райони дæр, нуртæккæ си кæлæдздзаг хæдзæртти цæрæг адæмæн аразунцæ нæуæг берæуæладзугон хæдзарæ. Сæ цæрди уавæртæ фæххуæздæр уодзæнæнцæ æхсæз æма æхсæзинсæй адæймагемæн. Евгъуд анзи гъуддæгутæн багъудæй 119, 07 миллион соми. Дзæуæгигъæуи æма Мæздæги районти бундоронæй цалцæггонд æрцудæнцæ фондз æма инсæй берæуæладзугон хæдзари. Беслæни ирæзти генералон пълани фæлгæти фарæ министради цæстдард цудæй кæдзосгæнæнти арæзтадæмæ. Ку исцæттæ уа, уæд зингæ фæххуæздæр уодзæнæй экологон уавæр, цæргутæ уодæнцойнæдзийнадæ бавзардзæнæнцæ.

Сахарти алфамбулайти уодæнцойнæ уавæртæ исаразуни хуæздæр проект равзаруни туххæй фарæ Мæскуй æркастæнцæ Еугуруæрæсеуон конкурси бæрæггæнæнтæмæ. Мæздæг æй 160 уæлахездзауей 'хсæн æма имæ федералон бюджетæй æрбафтуйдзæнæй 70 миллион соми, уой фæрци фæззиндзæнæй равгæ аци анз Уæлахези паркмæ базелунæн. Электроэнергетики ирæзти туххæй Уæрæсей Хецауади унаффæмæ гæсгæ Цæгат Иристон, федералон зилди субъекттæй фиццаг бацæттæ кодта электроэнергетики схемæ æма ирæзти программæ 2021-2025 æнзтæн. Беслæни æфсадæн нæуæг центр, уæдта Алагири, Ирæфи, Мæздæги районти æртæ минкъий ГЭС-и исаразуни фарстатæбæл бакустонцæ. Республики Хецауадæ æма «РусГидро» бафистонцæ арæзтади туххæй аразий гæгъæдитæ. «Газпром газораспределение Владикавказ» фарæ республики дууадæс гъæуемæ газ бауагъта.

Аци анз идарддæр æнхæстгонд цæудзæнæй адæми кæлæдздзаг хæдзæрттæй нæуæг цæрæнбунæттæмæ райиевуни программæ. Уордæмæ бахастонцæ Дзæуæгигъæу æма Рахесфарси район, цуппæрдæс æма фондзинсæй бийнонти сæ уавæртæ фæххуæздæр кæндзæнæнцæ. Республики базелдзæнæнцæ дууæ æма дууинсæй æхсæнадон бунатемæ, уæдта дууадæс æма æртинсæй берæуæладзугон хæдзæртти тургътæмæ. Цæгат Кавкази федералон зилди ирæзти программи фæлгæти Цæгат Иристон æма Уæрæсей экономикон ирæзти министрадæ проектон-хæрзти документацибæл бакосуни туххæй аразий гæгъæдитæ бафистонцæ. Бацæттæ кæндзæнæнцæ Алагири райони кæдзосгæнæнтæ исаразуни æма æ хуæнхаг хайии дони хизæг реконструкци искæнуни, Мæздæги райони донесæнтæ, Дзæуæгигъæуи историон хайии кæдзосгæнæнтæ исаразуни проектон-хæрзти документаци.

Анзæн æ фиццаг æмбеси Æрæдони исараздзæнæнцæ бугътæ æвгæнæн станцæ, анзмæ æ гъомус уодзæнæй 300 мин тонни. Октябри гъæуама искоса бугътæ æфснайæн нуриккон полигон.

– Æдеугур нæмæ ес финддæс æма дууинсæй разамунддæттæг организаций æма 271 цæрæнуæтти хецæутти æмбæлади. Разамонæг компанити хецæуттæн сæ бæрнондзийнадæ хъæбæр ниллæг æй, бунæттон хеунаффæйади оргæнти 'рдигæй дæр сæмæ фагæ цæстдард нæйїес. Цæргутæ æма разамонæг компанити 'хсæн рахастдзийнæдтæ нивæбæл нæ 'нцæ, – фæббæрæг кодта министради разамонæг.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

**Куд аргъ кæнетæ, кæми цæретæ, уоми цæрæнуатон – коммуналон лæггæдтæн?**

5% ХЪÆБÆР ХУАРЗ

76% ХУАРЗ

15% ЛÆГЪУЗ

4% ХЪÆБÆР ЛÆГЪУЗ

### ЦАРДИУАГИ УОДÆНЦОЙНÆМÆ БА НИ КА НÆ БÆЛЛУЙ!..

***Æцæгæйдæр, æ цардиуаги уодæнцойнæдзийнадæмæ ба ни ка нæ бæллуй!.. Уомæ гæсгæ ба адæмæн сæ фулдæрей уайдзæфтæ фæуунцæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради кустуæтти лæггæдти фæдбæл. Раст зæгъгæй, дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг агентæдти æртасгутæ куд исбæрæг кодтонцæ, уотемæй фæстаг цалдæр анзей дæргъи æнæгъæнæ 17% фæффулдæр æй, аци къабази куст фæххуæздæр æй, зæгъгæ, ка нимайуй, уони бæрцæ. Кæд тарифтæ еудадзуг бæрзондæйбæрзонддæр кæнунцæ, уæддæр. Уогæ еци феддонтæ уотæ ку ирæзонцæ, уæд, ка 'й зонуй, адæми цæстингас фулдæр æнарази кæндзæнæй. Адæмæй ке бафарстонцæ, уонæй сæ 27% фæндуй, цæмæй еци феддонтæ фæмминкъийдæр уонцæ – уæрæсейæгти 42% сæ æфтуйæгти хæццæ рабаргæй, æгæр бæрзондбæл сæ нимайунцæ. Мадта сæ 23% ба загътонцæ, уæхæн феддонтæн нæ хъаурæ кæнунцæ, уомæ гæсгæ ба сæ нæ федунцæ. Уæхæн гъæстити бæрцæ æртæ анземæ дууæ хатти фæффулдæр æй.***

**Хъæбæрдæр уæ ци тухсун кæнуй, кæми цæретæ, уоми цæрæнуатон-коммуналон къабази?**

31% Алцидæр си хуарз æй

21% Разамунддæттæг компаний косгути лæггадæ

15% Дондзæуæнти къабазæ

10% Гъардæттуни къабазæ

9% Канализаций къабазæ

8% Рохсдæттæни хизæ

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



*Чиколай еу мæгур лæгæн уосæ нæ адтæй. Нæ ин адтæй хæдзарæ дæр. Нæ имæ адтæй фонс: гъог – нæ, бæх – нæ... Уæддæр æ минæвæрттæ фæццудæнцæ кизги хæдзарæмæ æма уоми дзорунцæ:*

*– Лæгæн цуппар азгъунсти ку уа, цуппар бæхи имæ ку уа, цуппар гъоги имæ ку уа, уæд ма 'й ци гъæуй?..*

*Кизги бийнонтæ исарази 'нцæ æма 'й еци лæхъуæнæн равардтонцæ. Киндзæ, киндзæмбæлттæ дæр æ хæццæ, уотемæй, кумæ син цæугæ адтæй, уордæмæ ку бахъæрдтæнцæ, уæд кæсунцæ æма – хæдзарæ нæйїес, бæх нæйїес, гъог нæйїес... Æма, минæвар ка адтæй, уонæй еуей фæрсунцæ, ци цуппар азгъунстей, цуппар бæхей, цуппар гъогей кой кодтайтæ, етæ кæми 'нцæ, зæгъгæ.Уæд син е дæр дзуапп равардта:*

*– Уотæ фæрсæг нæ фæцæй, гъома, еци цуппар азгъунсти, цуппар бæхи, цуппар гъоги еци хæдзари 'нцæ, æви æндæр хæдзари 'нцæ...*

*Ци ма загътайуонцæ иуазгутæ ...*

***

– Махбæл дæр, хумæтæг дзиллæбæл, еци кизги бийнонти хузæн цал æма цал хатти æрцудæй уæхæн сæйдтитæ. Нуриккон Уæрæсей хецаудзийнади бæрзонддæр бунæттæмæ ци «минæвæрттæ» байервазтæнцæ, етæ нæ цал æма цал хатти расайдтонцæ? Сæ еугур сайæн зæрдæвæрдтитæ, куд уинæн, зæрдмæгурдзийнадæй æндæр адæмæн хиццагæй æгириддæр неци æрхастонцæ...



**Еленæ АФАНАСЬЕВА, Федераций Совети иуонг: «Фæсарæйнаг æндæвди агенттæ нур дæс æма инсæй анзей дæргъи се 'мвæндæ-æмунаффæ куст кæнунцæ Уæрæсей. Дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центр куд исбæлвурд кодта, уотемæй нæ бæсти цæргути сæризунд уоййасæбæл усхъуммитæ кæнунцæ, æма нæ дзилли 3% уотæ нимайунцæ æма зæнхæ, дан, тъæпæн æй...»**

– Баруагæс уи уæд, мах агъазиау бæстæн гъæлати 3% дæр минкъий нæй. Нæ сенатортæ æма депутаттæмæ гæсгæ ба уони бæрцæ никки фулдæр æй. Уотæ ку нæ нимайиуонцæ, уæд, æвæдзи, адæмæн дæр æма бæстæн дæр æнæпайда, цæмæйдæрти ба зæранхæссæг ка 'й, уæхæн закъонтæ еудадзуг царди нæ уадзиуонцæ. Етæ кенæ сæхуæдтæ еци æртæ процентемæ хаунцæ, кенæ ба мах нæ еугурей дæр неци лæдæргутæбæл нимайунцæ...



**ЧЕРЧЕСТИ Станислав. Уæрæсей футболæй еугонд команди сæйраг тренер: «Цийфæнди командæ дæр дæлбарæ 'й æ раздзæуæгæй. Уæрæсей еугонд командæ тухсуй дзюбадæлбарадæй (Дзюба – зундгонд футболист.– Ред.) «Барселона» (испайнаг футболон командæ. – Ред.) ба мессидæлбарадæй (Месси – зундгонд футболист.– *Ред*.)**

– Дзюбадæлбаради бæсти Уæрæсей еугонд командæ молундзийнади дæлбарадæй ку «фæннезгун» уидæ, уæд бæргæ хуæздæр уидæ. Кæмæйдæрти пахампартæ аразуни бæсти, еумæйагæй арæхстгиндæр унмæ тунддзун гъæуй. Уæ бон нæй футболи æнтæстгин ун, уæдта 'й ниууадзетæ æма, кæми исарæхсдзинайтæ, уæхæн гъуддæгути архайетæ. Фал кунæг!.. Футболи сæмæ ци уæларвон æхцатæ хауй, уæхæн «доцгæ гъог» ма син кæми уодзæнæй! Уоййасæбæл гъæлатæ ба нæ 'нцæ...



**Антон СИЛУАНОВ. Уæрæсей финансти министр: «Экономики уотид неци фæууй. Аци бон æхцатæ кæмæндæр æнцонтæй радех кодтай, миздæвæрд фæллæмæгъдæр кодтай, уæд уой фæстеугутæбæл ба уæддæр федгæ æрцæудзæнæй. Федгæ ба ка кæндзæнæй? Хумæтæг адæм...»**

– Æма нæ цæмæй тæрсун кæнуй?!. Ацал-ауал анзей дæргъи æгæрдæр ма исахур ан кедæр «тæрегъæдтæ» федунтæбæл. Хецаудзийнади 'рдигæй æнæкелбет фæндити фудæй еугур нæхъæртондзийнæдтæ дæр хумæтæг адæми харзæй «рæстгонд» цæунцæ. Дзуапп си байагорæг ба нæйїес... Хуарз æма министр ибæл уæддæр басастæй: дзуапдæттæг исунцæ хумæтæг адæм: сæ æфтуйæгти кадаварæй, пенсиесгутæй ма косгæ ка кæнуй, уони пенситæ уал анзи индексаци нæ кæнунæй, кустгъон адæми æгустдзийнадæй æма æндæр мæгурдзийнæдтæй...

**Фæсевæди æмзæрдæдзийнади Еугурдуйнеуон бон бæрæггонд цæуй 24 апърели (куд бæрæгбон, уотæ нисангонд æрцудæй 1957 анзи).**

*Номдзуд публицист æма финсæг, æхсаргин тугъдон ХУАДОНТИ Басиати фурт Иссæ (1910-1942) æ цардæмбал Меримæ финстæгутæй еуеми финста: «Алкæмæй дæр ни федарæй æруагæс кæнуй, мах ке фæуууæлахез уодзинан, нæ нихмæ æ гæрзтæ ка рабаста, еци цъамар богъдабий Гитлерæн Советон Æфсади*



***МАХЪОТИ Амурхани фурт Алихан райгурдæй 1922 анзи 17 июли Чиколай хумæтæг зæнхкосæги бийнонти. Гъæууон скъолай аст къласи каст фæуууогæй куста колхози бухгалтерæй. Советон Æфсадмæ имæ фæдздзурдтонцæ 1941 анзи январи. Орджоникидзей тугъдон фестæгæфсæддон училище 1942 анзи каст фæуууогæй æрвист æрцудæй фронтмæ. Батальони сæргъи уогæй, бавдиста устур æфсæддон дæсниадæ, е ’мтохгæнгути хæццæ æнтæстгинæй æнхæст кодтонцæ сæ размæ æвæрд ихæстæ.***

***Уæлдай хъæбæрдæр ба Махъой-фурт фескъуæлхтæй Берлин байсунбæл тугъдтити рæстæг, æма ин уой туххæй исаккаг кодтонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном – еци цитгин ном ин лæвæрд æрцудæй 1946 анзи 15 майи.***

***Æфсади рæнгъити фæцæй 1956 анзи уæнгæ. Уой фæсте ба иссудæй æ райгурæн Иристонмæ, куста аллихузон хæдзарадон къабæзти разамонæгæй.***

***Æ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй Ленини дууæ орденемæй, Сурх Турусай, Александр Невскийи, Фидибæсти тугъди I къæпхæни ордентæй, берæ майдантæй. Æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1981 анзи 27 мартъий, нигæд æй Чиколай æфсæддон уæлмæрдти – уоми нигæд æнцæ, Алиханæн Устур Фидибæстон тугъди рæстæг æ райгурæн зæнхæбæл немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тугъдтити æ тугъдон æмбæлттæй ка фæммард æй, етæ, æма уомæ гæсгæ æхуæдæг ниууосиат кодта, гъома, уоми мæ байвæрдзинайтæ, ме 'мтохгæнгути фарсмæ æй мæнæн дæр ме 'носон бунат.***

***Нæ Иристони номдзуд бæгъатæри ном æносон кадæ æма намусæй цæруй æ уарзон дзилли зæрдити, нæ абони цардарæзти. Æ номбæл ес гъæунгæ Чиколай, æ ном хæссуй, кæддæр æхуæдæг кæми ахур кодта, Чиколай еци скъола, æ фарсбæл æвæрд æрцудæй мемориалон мраморон фæйнæг. Уæхæн фæйнæг æвæрд æй, Дзæуæгигъæуи ци хæдзари цардæй (Бутырини гъæунгæ, 8), уой фарсбæл дæр.***



*МАХЪОТИ Алихан (галеуæрдигæй дуккаг) æ тугъдон æмбæлтти хæццæ фронти.*

# "КÆНДЗИНАН УÆДДÆР БЕРÆ ÆНЗТИ МАХ Æ НОМЕРÆН ЗАР!.."



**МУРИТИ Дадо,**
**(1914-1985)**
историон наукити доктор

...ЧИКОЛА немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ байахæстонцæ 1942 анзи фæззæги. Батальони командир æрæмбурд кодта æфсæддонти æма син гъуддаг лæдæрун кæнуй:

– Мах базонун гъæуй, немуц циуавæр хъауритæй архайуй, сæ штаб кæми æй æма сæмæ идарддæр ци фæндæ ес, уой. Уони ку исбæлвурд кæнæн, уæд нин æнцондæр уодзæнæй æрбалæборгути хæццæ тохун.

Махъоти Алихан æ бунатæй фестадæй æма загъта:

– Мæн рарветæ тъасхи.

Командир деси бацудæй:

– Æма ду тъасхæгæнæг ку нæ дæ, фал пулеметæй æхсæг, уомæй дæр роти командир.

– Гъо, пулеметæй æхсæг дæн, фал æз еугуремæй дæр хуæздæр исæнхæст кæндзæнæн тъасхæгæнæги куст, – загъта Алихан, – уомæн æма ардигон дæн, Чиколай райгурдтæн, ами ахур кодтон скъолай.

– Е æндæр гъуддаг æй, ами бунæттæ, æвæдзи, хуарз зонис... Цæй, куд? Лейтенант Махъой-фуртæн бабарæ кæнæн аци ихæс? Тугъдон командир ке æй, уой нæ еугурдæр зонæн.

Æцæгæйдæр, уæди агъоммæ Алихан тухтæй Хонсайраг æфсади хæццæ, архайдта Цæгат Кавкази, Фæскавкази фронтти, нур ба æ райгурæн гъæумæ æрбахаудтæй. Ардигæй 1940 анзи бацудæй ахур кæнунмæ Орджоникидзей фестæг æфсæддон училищемæ.

...Изæрæй Махъоти Алихан е ’мбæлтти хæццæ, тохæндзаумауæй ефтонг уогæй, багъузтæй Ирæфи билæмæ, е ’скæсæйнаг билгæрæнтти сосæггай багъузтæй Чиколайæй минкъий изолдæр Дзæгъепбарзмæ, æ них исаразта æ зонгæ зæронд ахургæнæги хæдзарæмæ. Тъасхæгæнгутæ хæдзари алливарс сæхе æрримахстонцæ, Алихан дуар гъавгæй бахуаста.

– Кæци дæ? – райгъустæй медæгæй нæлгоймаги гъæлæс.

– Хеуæнттæ ан, байгон кæнæ дуар, – нидæн гъæлæсæй дигоронау загъта Алихан. Дуар сабургай байгон æй. Зæронд æфсæддонти ку фæуууидта, Алихани ку базудта, уæд æ десæн кæрон нæбал адтæй.

– Ду дæ, Алихан? Кæцæй фæдтæ?

– Фæстæдæр дин лæмбунæг радзорддзæнæн хабæрттæ. Нур ба хъæбæр æнæевдæлон ан. Дæ агъаз нæ гъæуй. Гъæуи знæгтæ кæми æрæнцадæнцæ?

– Æрбадайтæ, фæйнæ комидзаги искæнетæ...

– Нæ, рæстæг махмæ не ’нгъæлмæ кæсуй.

Ахургæнæг син радзурдта: знаги афицертæ æма æфсæддонтæ æрбунат кодтонцæ скъолай азгъунсти. Гъæуайгæстæ æрæвардтонцæ аллирдигæй, сæ бацæуæнтæ æхгæд æнцæ.

Алихан ин райарфæ кодта, хуæрзæхсæвæ загъта зæрондæн æма скъолай æрдæмæ фæннæхстæр æнцæ, цæугæ-цæун унаффæ рахастонцæ: ниццæвун гъæуй гитлеронти. Скъоламæ хæстæг бацудæнцæ, гъæуайгæс автомати хæццæ дууердæмæ куд рацо-бацо кодта, уой саудалинги æрæстæфтæнцæ. Дууемæй фæстети багъузтæнцæ æма ’й фæссабур кодтонцæ. Дууæ-æртæ минуттей фæсте ба гъуддаг конд адтæй. Махъой-фурт е ’мбæлтти хæццæ æрбаздахтæй штабмæ, уацари ци афицерти райста, уони бунатбæл исæмбæлун кодта, ци документтæ байста знагæй, етæ дæр ахсгиаг разиндтæнцæ, уонæй базудтонцæ немуци пълæнттæ. Аци цауи туххæй лейтенант Махъоти Алиханæн лæвæрд æрцудæй фиццаг хецауадон хуарзæнхæ – майдан «За боевые заслуги».

Немуц Иристони зæнхæбæл берæ нæ фæххаттæнцæ. Сурх Æфсади хæйттæ син бæрзæйсæттæн цæф никкодтонцæ æма ледзæги фæцæнцæ. Бæгъатæрæй тухтæй 295-аг æхсæг дивизий рæнгъити Махъоти Алихан, иннети хæццæ уæгъдæ кодта горæттæ Нальчик, Пятигорск, Кисловодск, Ессентуки, Армавир, Краснодар. Махъой-фурт, батальони командир уогæй, уæззау цæф фæцæй, фал æ хæйии байзадæй, æхе дзæбæх кæнунмæ некумæ бакумдта.

Еу афони сгаргутæ фегъосун кодтонцæ, станцæ Трудолюбовки знаг тухгин ке æрфедар æй, уой туххæй.

Дивизий командир болкъон Филатов фæдздзурдта, цæмæй равзаронцæ нимпурсунмæ сæрмагонд къуæрттæ. Еци къуæрттæй еуей сæргъи æрлæудтæй хестæр лейтенант Махъоти Алихан. Æ къуари разæй æрæвардта дзармадзантæ, уотемæй станцæмæ балæбурдтонцæ æма сæ бон бацæй немуци расорун уордигæй. Лæгдзийнадæ æма æхсарæ ке равдиста, уомæ гæсгæ Алиханæн лæвæрд æрцудæй Сурх Турусай орден.

Советон æфсæдтæ 1944 анзи Днепри сæрти бахезунмæ сæ уод гъардтонцæ. Аци цæугæдони иннæ фарс немуц ци агъазиау федæрттæ исаразтонцæ, уони ниддæрæн кæнун ихæсгонд адтæй Махъоти Алихани батальони æфсæддонтæн. Аци рауæн Днепри уæрхæ æй дууæ километремæ хæстæг, никки ба ма Украини еци уалдзæг уарунгун фæцæй æма цæугæдон æ билгæрæнттæй ракалдæй. Алихани багъудæй бæлæгътæ агорун, цæмæй уони фæрци æнцондæрæй байервазтайуонцæ æхсæвигон дони иннæ фарсмæ.

Цубур рæстæги фæсте Алихан фегъосун кодта уæлдæр командиртæн: æ батальон цæттæ 'й нимпурсунмæ. 13 мартъий æхсæвигон бæлæгъти банакæ кодтонцæ тъасхæгæнгутæ, сапертæ, пулеметæй æхсгутæ, сæ хæццæ Алихан дæр. Æхсæвæ райдæдта уарун, кодта думгæ, талингæй æгириддæр неци зиндтæй. Знаг æрбалæборунæй нæ тарстæй, гъома уæхæн рæстæг ка тохуй, уæлдайдæр ба уæхæн цæугæдони сæрти ка бандеудзæнæй. Цæугæдони нигулæнмæ ку бахъæрдтæнцæ, уæд бæлæгътæ фæстæмæ иннетæмæ

***бæрзæйсæттæн цæфтæй æ мæлæт ке 'рцæудзæнæй...» Уоййасæбæл кæмæ бæлдтæй уой, гъулæггагæн, æхе цæститæй нæбал фæууидта – топпæйæхсæг полкки штаби хецау, гвардий майор Хуадонти Иссæ бæгъатæрæй фæммард æй 1942 анзи 10 октябри Райгурæн бæсти сæрбæлтау.***







Чиколай фиццаг астæуккаг скъола хæссуй Советон Цæдеси Бæгъатæр Махъоти Алихани ном, уой тухххæй æ бацæуæни фарсбæл æвæрд æй номерæн къæйдор фæйнæг (галеуæрдигæй) Махъой-фурт Дзæуæгигъæуи ци хæдзари цардæй, уой фарсбæл дæр æвæрд æй номерæн къæйдор фæйнæг; Чиколай Æнсувæрон уæлмæрдти Махъоти Алихани цирти рази номерæн мадзали исæмбалдæнцæ æ хеуæнттæ (рахесæрдигæй галеуæрдæмæ) Дзагурти Джабраил, æ кизгуттæ Фатимæ æма Ларисæ, Махъоти Таймораз, Сакъити-Цæрикъати Розæ, Гулчети Аслан.



рарвистонцæ, Алихани къуар ба, гъуддагæн ка неци лæдæрдтæй, еци фашисттæбæл ралæудтæнцæ, бæгъæнгутæй фæйнердæмæ лигъдæнцæ æма сæ мæлæт ирдтонцæ.

Уотемæй æнæгъæнæ дивизи донуордæг фæцæй æма знаги басастонцæ.

Арæхстгин разамунд ке лæвардта Днепри сæрти бахезунбæл тугъдтити рæстæг æма агъазиау лæгдзийнадæ ке равдиста, уой тухххæй Махъоти Алихан 1944 анзи 3 июли хуарзæнхæгонд æрцудæй Ленинни орденæй.

Не 'фсæдтæ размæ æмпурстонцæ. Бахизтæнцæ цæугæдæнттæ Хонсайраг Буг æма Днестрбæл. Еци тугъдтити рæстæг Алихани æфсæддонтæй еу дæр нæ фæгъгъудæй, лæвардта дæсни разамунд æма ин лæвæрд æрцудæй Фидибæстон тугъди фиццаг къæпхæни орден.

Не 'фсæдтæ 1944 анзи сæрди искæдзос кодтонцæ знагæй Украини нигулæн районтæ æма сæ них исарастонцæ Европи иннæ бæститæ гитлерон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнунмæ. Советон Æфсад фиццагидæр æ агъази къох кæмæ бадардта, е адтæй Польшæ. Ами дæр Махъоти Алихани батальон æхе лæгигъæдгунæй равдиста, фиццæгти хæццæ бахизтæнцæ цæугæдон Вислæбæл æма дæрæн кодта фашистти. Алихан бабæй фæццæф æй, бæргæ нæ кумдта госпитæлмæ, фал æй уæддæр, берæ тог си ке фæгъгъудæй, уомæ гæсгæ ба 'й æвæстеуатæй исæмбæлун кодтонцæ дохтиртæбæл. Госпитæли уогæй берæ хæттити æхе курдта тугъди будурмæ æма фæстагмæ исæнхæст æй æ курдиадæ: нæуæгæй æрвист æрцудæй фронтмæ.

– Майор Махъой-фурт, уæ бæрнæхсти уогæй, идарддæр цæттæ 'й е 'фсæддон службæ хæссунмæ! – раст æрлæудтæй æхсæн полкки командири рази.

– Идарддæр службæ зæгъис, – бафарста дæлболкъон Чайкæ æма имæ лæмбунæгдæр бакастæй. – Мæнмæ гæсгæ, кæми дæр фембалдан.

– Гъо, фембалдан. Æз дæр аци дивизий тухтæн, æцæг æндæр полкки.

– Мах дивизий? Кæми? – десхузæй бафарста Чайкæ.

– Гъуди кæнис Нальчик, станцæ Добролюбовкæ, Херсон?

– Гъо, гъо, гъуди кæнун. Ду уæд командæ кодтай раззагдæр батальонæн. Раззæгти хæццæ бахизтæ Днепр, Буг, Днестри сæрти. Дæу тухххæй еци рæстæг берæ дзубанди цудæй... Нæма феронх дæ, разæй куд цæун гъæуй, уой? Нур дæр дæ разæй ка цæудзæнæй, уæхæн батальони сæргъи нивæрдзинан, æвæдзи, – загъта Чайкæ, бæрæг адтæй, Алихани дзуапп æ зæрдæмæ ке фæццудæй, е:

– Е хæстæгдæр тугъдтити рабæрæг удзæнæй.

Æма, æцæгæйдæр, Чайки мæйæ æмæ æрдæгти фæсте курдиадæ финсун багъудæй, цæмæй Махъоти Алиханæн Советон Цæдеси Бæгъатæри ном раттонцæ, уой тухххæй. «1945 анзи 26 мартъийæй 2 маймæ цæугæдон Одери рази ци мæлæтдзаг тох цудæй, уоми Алихан равдиста æхе æндиудæй, тæккæ уæззаудæр уавæр ку исæвзурдæй, уæд Махъой-фурт гранатти басти хæццæ æ фазæбæл бабурдæй, æ хæццæ ба иннæ сурхæфсæддонтæ дæр æма цубур рæстæгмæ знаг тугъди будури ниууагъта аст содзгæ танки... Майор Махъой-фурти дæсни разамундæй, æ лæгигъæдæ æма æхсари фæрци æ бон бацæй знаг æруорамун...»

Махъой-фурт бабæй кæд фæццæф æй, уæддæр æ тохун нæ ниуугъта, æ батальонæн Берлини гъæунгти тугъдтити лæвардта дæсни разамунд, байахæстонцæ вокзал æма сахари цуппар квартали.

«Берлини тугъдтити Махъоти Алихан æ батальонæн æмбæлгæ хузи разамунд ке лæвардта, æхсарæ æма лæгдзийнадæ ке равдиста, уой тухххæй Махъоти Амурхани фурт Алихан æй Советон Цæдеси Бæгъатæри номи аккаг», – финста полкки командир Чайкæ. Еци фæндони фарс рахуæстæй фæндзæймаг æфсади командæгæнæг инæлар – болкъон Н. Э. Берзарин, фиццаг Белоруссаг фронти командæгæнæг Советон Цæдеси Маршæл Г.К. Жуков. Æма 1946 анзи 15 майи ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указмæ гæсгæ Махъоти Алиханæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Уæлахезонæй исæздахтæй Махъоти æхсаргин тугъдон Иристонмæ æма хъазауатонæй бавналдта ихæлд адæмон хæдзарадæ æ къæхтæбæл ислæууун кæнунмæ. берæ æнзти дæргъи разамунд лæвардта адæмон хæдзарадон аллихузон къабæзти кустуæттæн, æма ин кæмидæриддæр косгæ рауадæй, уоми æхе бавдиста арæхстгин æма хъæппæресгин разамонæгæй, куд хуæрзæгъдаугин æма адæмуарзон адæймаг, уотæ 'й дзиллæ дæр берæ уарзтонцæ, кадæ ин кодтонцæ...



МАХЪОТИ Алихан (дуккаг рæнгъи галеуæрдигæй) æ хеуæнтти хæццæ.

## МАХЪОТИ АЛИХАНИ ЗАР

*(Ниффинста æй Чиколай цæрæг БУДТУТИ Сулейман)*

Гъей, Дæдæй[1], сæумæ талингæй
Æз ку райгъустон æнамонд хабар,
Гъей, зæгъуй, нæ рохс бæстæмæ
Æрбалæбурдта Гитлери цъаммар...

Гъей, Дæдæй, знаги нихмæ
Исистадæнцæ Советон адæм
Гъей, Дæдæй, мæнæн дæр гъенур
Ку нæбал ес сабурæй бадæн.

Гъей, Дæдæй, æз дæр абони и тохæнгæрзтæ
Есун мæ къохмæ,
Гъей, æма, знаги нихмæ
Ку нæхстæр кæнун хъазауатон тохмæ.

Гъей, Дæдæй, ма æнкъард кæнæ,
Нифсæйдзаг ку æй дæ исгъомбæлгонд
Гъей, Дæдæй, æфсæддони ном
Сауæнгæ кæронмæ хæсдзæнæн бæрзонд.

Гъей, Дæдæй, гъæубæсти размæ
Ку дæттун дæуæн фурти федар дзурд,
Нæ фæттæрсдзæнæй знаги цæфæй
Дæ бæгъатæр фурт...

Гъей, Дæдæй, ку фæттæрса, ку
Цъаммар знагæй де 'сгъомбæлгонд фурт,
Гъей, Дæдæй, мæ фæлмæн мадæ,
Дæ реуи æхсир дин фæккала маргæй.

Гъей, Дæдæй, нифсæйдзаг уогæй,
Размæ бурсдзæнæн и тохи карзи,
Æма бæгъатæрдзийнадæй
Бафæнздзæнæн Нарти Батрази.

Гъей, Дæдæй, знаги соргæй
Иристон – Берлин мæ тохи фæндаг,
Гъей, æма бæгъатæр тохи
Æрцудæй пурхгонд нæ цъаммар знаг...

Гъей, Нана, нæ уарзон мадæ,
Дæ сахъ Алихан, дæ дессаг игурд
Устур кадгинæй исæнхæст кодта,
Исæнхæст кодта æ федар дзурд.

Гъей, æма тохи медæгæ,
Ку разиндтæй е бæгъатæртæй еу,
Гъе, Нана, æ хуæрзеуæгæй хорау ку ходуй,
Хорау нур æ реу...

Гъей, Нана, нæ устур бæсти
Ку райгъустæй, ку æ дессаги кой.
Гъей, зæгъгæ, нæ хецауадæ
Равардта уомæн устур ном – Герой!

Фал бастъалдæй нур цæрунгъæуагæй
Нæ хуæздæр хæлар,
Кæндзинан уæддæр берæ æнзти мах,
Æ номерæн зар.

1 Алихан æ мади фæсномугæй Дæдæй худта.

***ДЗАБОЛАТИ Хазби исфæлдистади бæрзондæвæрддзийнади туххæй уотæ гъуди кодта: «Мæнмæ гæсгæ, нæ литературон фидтæлти ænæмæнгæ цæмæй фæнзæн, еци гъуддæгутæй еу æй лæгдзийнадæ, дзиллити цард æма карнæмæ еудадзуг гъос дарун... Етæ некæд кодтонцæ цæстæмæгæсгæ финститæ, цæстæмæгæсгæ дзубандитæ,***



ДЗАБОЛАТИ Хазби (галеуæрдигæй фиццаг) Иристони финсгути къуари хæццæ.

# ÆМГАРИ СОРÆТ



**ХЪОДЗАТИ Æхсар,**

**Цæгат Иристони адæмон поэт**

Ка 'й зонуй, æ меднимæри нæбæл æ зæрдæ фæххудтæй, гъома, топпитæ уæмæ ку неке ниддардта, цæуæн, зæгъгæ. Мухар нин, æвæдзи, нæ уавæр балæдæрдтæй æма исдзурдта:

– Ехгун лæгæти рæфтад искæндзинан, уæдта еуминкъий нæ фæллад дæр исуаддзинан. Уартæ еци къæхæн уинетæ?

Уотæ идард нæбал адтæй, фал топпити уæзæй мæ бæхбæттæн ресун райдæдта. Еу усхъæй сæ иннемæ цал æййивди ракодтон! Уогæ нæ топпиттæ цæмæн гъудæнцæ? Цума мæн цауæни мæтæ адтæй! Хъæреуи цъоппæй ракæсæ – е æндæр гъуддаг æй… Дзæкъолæ Хазби æхемæ райста – фенцондæр мин æй.

Мæнæ Ехгун лæгæт дæр. Цалдæр лæги кæми бацæуудзæнæй, уæхæн арф ниллæг тугур дорин агъодæ. Уаруни æма хор бони замманай римæхсæн.

– Хуарз, фал си ех ку нæ уинун, уæд ибæл ехгуни ном цæмæ исбадтæй? – фæрсун Мухари.

– Гъо, нæ си ес ех! – бахудтæй зæронд лæг. – Мадта арфдæр бахезай.

Рæбундæр бацудтæн. Лæгæт, куд медæмæ, уотæ нарæгдæр кæнгæ цудæй, уæдта кæмидæр талинги тугур æма æ бун байеу æнцæ. Дæлгоммæ нихъхъан дæн æма бабурдтæн къуммæ. Уæдта мæ къох ливзæ уазалбæл ранцадæй. Тухамæлттæй си еу устур къæртт расастон.

**Кæрон.**
**Райдайæн 13-аг номери.**

Мæ рацудмæ Мухар æма Хазби – билбатугтæ æртудтонцæ, æстъигъдæй лæудтæнцæ газети гæбазæбæл. Æрбадтан лæгæти рази цъæх зæлдæбæл. Дзол, хъæбæр цихт, æйкитæ. Авгидзаг дæр си разиндтæй. Ех ба нæ дони бæркадæй фæххайгин кодта. Ирон арахъ мæмæ уæди хузæн хуæрзадæ некæд фæккастæй. Ниуазтан æй авги хъурæй. Не 'уæнгти фæллад цидæр æрбацæй.

Нæуæгæй бабæй фæхстæ, нарæг бацæуæнтæ, урдугтæ, æмцæхгæр исхезæнтæ. Мухар еудадзуг цудæй разæй.

Еу уæлхонх будури, уæргути уæнгæ ка хъæрдтæй, уæхæн кæрдæгæй æваст испæр-пæр кодта циуавæрдæр маргъ, еуцæйбæрцæдæр фæттахтæй æма къалеубæл æрбадтæй.

– Къургарк æй. Æвæдзи ин ами астъонæ ес, – загъта нæ хестæр.

Хазбий хæццæ цауæйнон топпитæмæ фæллæбурдтан, гъуддагхузæй нихъхъан ан кæрдæгбæл. Къургарк, æвæдзи, къулдунбæл бадтæй: топпи кæсæнæй ин æ сæр дзæбæх æрахæстон, кæрдæгæй æй уæлиау исдардта, тарст ракæсæ-бакæсæ кæнуй. Нигъгъавтон имæ. Хазби мæ разæй ку фæууа, зæгъгæ, уайтæкки мæнгвæдæг æрбалхъивтон... Хъуæцæй нецибал рауидтон.

– Мæхе барæ 'й уагътайсæ, – загъта Хазби, топп еуварс æрæвæргæй.

Балæдæрдтæн: ме 'хст фæдздзæгъæли 'й. Уогæ ми маргъ иронх дæр æрбацæй: мæ гъостæбæл фæд-фæди еу авд гæрахи рауадæй æма исцæмæдес дæн. Е дин гæрах. Хонхи алли ком, алли æскъуд дæр фæнзта топпи гæрах. Ести дессаги хабар адæм кæрæдземæн куд фæдздзорунцæ, уой хузæн.

Æдонуг кæнун райдæдтан.

– Метмæ нæ берæ нæбал гъæуй, – комæрдæмæ амонгæй дзоруй Мухар.

Хонхи саггонтæй арвбæл зиннунцæ бæзгин уорс хъæпæнтæ. Еуæй-еу хатт уæхæн тæссаг рауæнти цæун багъæуй, æма лæг гъудити бафтуйуй, сæрисæфæни амæттаг фæуyyодзинан, зæгъгæ. Еуæй-еу рауæнти нæ багъудæй хезун лæсæни сæрти. Листæг дортæ кæрæдзей сорæгау урдуги ниййарцæ унцæ, сирддонцъеути хузæн хæрдмæ гæпп-гæпп кæнгæ.

Мухари ба ма цауæни мæтæ ес. Амонуй Хъæреуи хонхи рæбунмæ. Уалæ, дан, еци риндзæмæ ку исхезæн, уæд си, Хуцауи фæндæй, кæд естæбæл фæххуæст уаййанæ. Цума ци рамарун ес æ зæрди: дзæбодур æви сикъе, арс æви сæгут? Фур фæлладæй, фур æдонугæй мæмæ дзорун дæр нæбал цæуй. Абонккæй еу-финддæс фæлтæрæни искодтан: хæрдæ-урдуг, хæрдæ-урдуг... Нихъхъæрдтан метмæ. Зудæй си хуæрун. Авгæ си æ тæккæ хъурмæ ниннадтон.

Фæссехуар исхъæрдтан, Мухар нин ци риндзæмæ амудта, уордæмæ. Нæ фæндаггæгтæй ма ци мортæ байзадæй, уонæбæл кæдмæ аурстайанæ?.. Зелæн, сгарæн тегътæ, къардеутæ, цъæстæ – некæми неци. Рæстæгæй-рæстæгмæ айнæги сæрмæ рауиндзæнæ цæргæс. Бадуй æма идæрдти фæлгæсуй, цума фиййау æ нимæти тухтæй æ фонси дзогбæл æ цæстæ рахæссуй. Ку нæ рауина, уæд æ базуртæ раитинг кæндзæнæй æма арвицъæхмæ æхе исесдзæнæй. Идардæй сувæллони гъазæнти хузæн зиннунцæ будуйрон гъæутæ, игуæрдæнтæ, карст мæнæуи хумтæ, гъæдтæ. Тæнæг донхуз мегъæ сæбæл циллехузау æрхаудтæй. Нæ фæсте ба æрдзи исфæлдесгæ агъазиау мæсуги хузæн арви цъæх-цъæхид къæйæ æ фæтæн усхъитæбæл исиста Хъæреу. Фæстæдæр аци æмбесонди хузтæ Хазбийæн ниффинсун кæндзæнæнцæ уæхæн рæнгъитæ:

*Зымты уаст – сусæг катайау,*
*Хæхтæ – бæрзонд, сæрыстыр.*
*Къултыл чырынтæ куатæйы*
*Апырх хъæугай Ирыстон.*

*Мигъ-цæргæс урссис базыртæй*
*Схæцыд сындæг Хъæриуыл…*
*Рæгътæ мæ бынмæ – каузылдæй,*
*Иунæг бæллиц – мæ риуы:*

*Бавæр, ныуулæф зарæджы*
*Иры сæрвæлтау зæрдæ!*
*Къуылдымтыл, комы нарæджы*
*Судзгæ фæтæх зынг зæлтæй!*
*(«Хъæриуы хохы рæбын»).*

Нæ хестæр Æфсатийи лæвармæ æнгъæлмæ кастæй, мæнæн ба мæ бæлдæ Хъæреуи цъопп адтæй. Хазбий еу тæрхъосæй дууæ цари растъегъун ке фæндуй, уой æнцонæй лæдæрдтæн.

Уæдмæ нæбæл æризæр æй. Над ба – даргъ. Уæлæмæ цæугæй ци гъезæмæрттæ фæуудтан, еу уойбæрцæ ба ма нин æвзаруйнаг адтæй.

– Уæлдæр ма исхезианæ, фал нæбæл æгæр ку æрæнафонæ уа, – загъта Мухар.

Зин мин адтæй æрдæгбалцийæй æздæхун, Хазбий дæр нæ фæндадтæй, фал æфсæрмæбæл нæ хестæри дзурдбæл дууæ нæбал загътан.

– Гъæуама ардигæй ниххезæн Фæйнæгкоммæ, – игъосун бабæй Мухари гъæлæс.

Искæсæн æрдæмæ нæ разæй рараст æй. Цалдæр рауæнеми мæ авгæ метæй байдзаг кодтон. Куд тадæй, уотæ 'й ниуазтан. Æ уазалæй дæр ин нæ тарстан – цæугæ-цæун нæ неци хъор кодта.

Берæ хæрдити æма урдугти фæсте æрхизтан Фæйнæгкоммæ. Хæмпæлæй си ракъахдзæфгæнæн нæййес. Раст нæ сæрти кæсуй. Мухар сардзини дæргъæн лæдзæг иссирдта æма нин си листæг пихситæ, синдзгун зайæгхæлтти 'хсæнтти над æсгарста. Цума дзубанди бакодтан, уотæ хестæргай, нæ къæхти бунмæ кæсгæй, цæуæн кæрæдзей фæсте.

Уæдмæ бæзгин пихсити астæуæй райгъустæй дони хæл-хæл. Лæги фæд кæми нæййес, еци таргъæди гъæбеси æдонуг, æстонг æма фæллад лæгæн хуæнхаг уазал сауæдонæ ци адæ искодтайдæ, е гъæуама уæ цæститæбæл рауайа. Зудæй си ниуазæн. Авгидзаг си исистон (уотемæй ба дон-дон цудан).

– Уартæ сæгут, – æваст фæгъгъæр кодта Хазби.

Еугурæйдæр сæхълæуд фæккодтан. Е адтæй æнахур хузæ. Хори хонхи риндзæбæл æрæнцайунмæ улинкъи бæрцæй æндæр нæбал гъудæй. Идæрддзæф рауæни тала бæлæсти æхсæнти рагъ урух цъæсунæгæй кæми райзадæй, уоми æ сæрæй гъазгæ сабургай цудæй гæзæмæ борбун сæгут. Æ амондæн нæмæ идард адтæй, æндæр ибæл Мухар нецихузи байаурстайдæ. Бæлæсти ауyони ку фæцæй, уæд мах дæр нæ над раидарддæр кодтан. Мухар хæмпæлти æнсæндгæ ку раразæй уидæ, уæд Хазбимæ сосæггай бадзоринæ, айæ кæцирдæмæ цæуй, цалдæр минутти бауолæфун нæ цæмæннæ уадзуй, зæгъгæ. Е ба æ медбилти баходидæ, фал дзоргæ ба неци кодта. Æндæр гæнæн нин нæ адтæй, æма лæгарстан размæ æ фæдбæл.

Гъæумæ нæ берæ набал гъудæй, уотæ нин цалдæр гъæддаг хуййи нæ над равгарстонцæ. Рахæссай топп, зæгъгæ, Мухар бæргæ фæгъгъæр кодта, фал уæдмæ уонæн сæ кой дæр нæбал адтæй. Цийнæй рамардтæн – топп мæ есун нæбал багъудæй.

Изæр æрдæмæ бахъæрдтан гъæугæрони минкъий æрдозæмæ. Еуминкъий баyолæфæн, – бон-изæрмæ ин ци загъдмæ æнгъæлмæ кастан, кæдæй-уæдæй уой зæгъун исфæразта Мухар.

Мæхе цъæх зæлдæбæл уæлгоммæ рагæлстон. Цæститæ тæхсунцæ, иуæнгтæ кæрæдзебæл нæбал хуæцунцæ. Кæдæй цæрун, уæдæй ардæмæ уæхæн фæллад некæд бадæн.

Бийнонти игъæлдзæг дзурдгæлдзæнтæ нæ искаст нæбал уагътонцæ. Æвзурстон федарæй дзорунбæл, фал мæ гъæлæс мæ коммæ нæбал кастæй, айки хурфæй цъеу куд уаса, уоййау ниццæй. Дони билæмæ туххæйти райервазтæн.

**Зундгонд ахургонд, литературон æртасæг æма финсæг, Устур Фидибæстон тугъди архайæг Гиреев Девлет Азамати фурти райгурдбæл 26 апърели æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1916-1981).**

***сæ дзурди адтæй устур уæзæ, устур фарнæ, адæми ‘хсæн адтæнцæ нимаддæр лæгтæ. Цæмæн уотæ адтæй? Уомæн æма поэт фиццагидæр гъæуама уа лæг. Финсæг цæбæл финсуй, етæ цæунцæ æ меддуйнейæй, æвзурунцæ æ зæрди тæгтæй. Фал цъимарайæй кæдзос саудæдонæ нæ игуруй...»***

***

Цалдæр боней фæсте Хазбий хæццæ сахармæ ку æрбаздахтан, уæд нæ дууемæн дæр нæ билтæ æмбесонди фаст ракодтонцæ. Фал фæсмон нæ кодтан, Хъæреуæн æ цъоппæй ке нæ ракастан, уомæй идарддæр.

Карцагоммæ балци нин устур агъаз фæцæй. Инсæй боней дæргъи хуæнхаг уæлдæфæй реуидзаг фæууолæфтан. Хазбий хæццæ бустæгидæр балимæн ан. Мадта ревæд къохæй дæр не 'рбаздахтан. Фæскуст сахари устур гъæунги нæ иннæ æмгæртти хæццæ ку фембæлианæ, уæд нæ еу инней гиризгæнгæй рафæрсидæ:

– Гъæйдæ, неци зæгъис?

Кенæ ба гъæуама еу инней рахсилкъæ кодтайдæ:

– Уæллæй, хонæги каст кæнис.

Хазби сæмæ еуцæйбæрцæдæр фегъосидæ, уæдта уотæ бакæнидæ:

– Гъома, уартæ нæхемæ бауайæн.

Æма фулдæр хатт уонæмæ цæугæ рауайидæ. Еууæхæни ба гъæунги байеу ан цалдæремæй. Æхцай мугаггæй нæмæ ци адтæй, уой æрæвардтан æма кæрæдземæн нæ гъæститæ ракæнунмæ ескумæ бауайæн, зæгъгæ. Берæ дзубандити фæсте Ходи Камал нæбал фæллæууидæ:

– Мæнмæ гæсгæ нин Хазбийетæмæ асландæр рауайдзæнæй.

Биццеутæ фур ходæгæй сæ губунтæбæл ниххуæциуонцæ.

***

Нæ финсгутæ еу къуаремæй 1967 анзи уалдзæги иуазæгуати адтæнцæ Цæцæн-Мæхъæли. Кæстæртæй сæ хæццæ фæххудтонцæ Хазбий, Малити Васой æма мæн. Æгъдау æма имæ æфсармæ алцæмæйдæр уæлдæр æвæрд адтæнцæ. Финги уæлгъос лæг æнæ ниуазгæ дæр кæми фæууй! Фал Хазбий æнæгъæуаги миуæ ракæнгæ некæд неке фæууидта. Алкæддæр цудæй хуæрздаст æма кæдзосæй. Грознай ку адтан, уæд бонæ цалдæр хатти бацæуидæ æ къахидарæс сæрфунмæ. Мæ меднимæр ибæл дес дæр кодтон, поэт гъæуама уæхæн листæг гъуддæгутæмæ æ гъос куд дара, зæгъгæ. Мæ уодхæссæг уинун, е 'ндаг бакастмæ е 'ргом æгæр ка 'здахуй, уонæй. Алцидæр гъæуама бæрцæй уа. Хазби уæхæнттæй нæ адтæй. Е 'ндаг бакаст хуарз федудта æ меддуйней хæццæ. Е бæрæг æй æ уадзимистæй дæр – куд лæмбунæг, куд хуæрзгуст æнцæ! Аци гъуддаги туххæй ма фæстæдæр зæгъдзæнæн, фал æркæсæн поэти иннæ менеугутæмæ: царди дæр æма аййевади дæр нифсхаст, цæстуарзон, æ дзурдæн хецау, рæстдзийнади фарсхуæцæг, æндаг бакастæй ба аййев, æфснайд – еугур уонæн сæ рахуæцæн еу æй, кæрæдзебæл каубиди хузæн.

Еу сæрдигон бон Цраури уæллæй æхсæркъохи тезгъо кодтан, уотемæй Хазби æма Малити Васойæн радзурдтон уæхæн хабар.

Нæ еумæйаг æмбал мæмæ Мæскуйæй тел ниццавта (Литературон институти фæсаууонмæ ахур кодта æма сессий адтæй), еу туман мин рарветæ, зæгъгæ. Мæнмæ кенæ еци сахат æхца нæ фæцæй, æфстау ракорун ба мæмæ зин фæккастæй, кенæ ба мæ зийнади фудæй ин нæ рарвистон. Цидæр адтæй, уæддæр мæхе æгудзæгæй равдистон. Хазби мæмæ лæмбунæг фегъуста, уæдта мин фæстагмæ комкоммæ загъта:

– Æхсар, фæррæдудтæ æма уотæ макæдбал бакæнæ. Цийфæндийæй дæр рарветун гъудæй æхца.

Æнæуой дæр æфсæрмийæй сугътæн, нур Хазбий раст уайдзæфи фæсте ба зæнхискъуди ниххаунбæл арази адтæн.

Кæддæр мæмæ мæстгун дæр иссæй. Цидæр гъуддаги туххæй бадзубанди кодтан: уал æма уал сахаттебæл уоми æма уоми фембæлдзинан. Цæй фудæй, е мæ зæрдæбæл нæбал лæууй, фал афойнадæбæл не 'рбацудтæн нисангонд бунатмæ. Хазбийæн е хъæбæр гъулæг адтæй, гъай-гъай. Нæ хæстæгдæр æмбæлттæй фиццагидæр кæбæл рамбалдæй, уомæн рагъаст кодта:

– Раст зæгъун гъæуй,(æнæфсарæ дæр ма загъта) æз уæхæн миутæ нæ уарзун.

***

Уотæ рауадæй, æма 1967 анзи рандæ дæн Мæскумæ Уæлдæр литературон къурситæмæ. Цалдæр мæйей фæсте Хазби дæр æрцудæй уордæмæ, сæйраг сахармæ: киунугæуадзæн «Ир» ин пъланмæ бахаста е 'мдзæвгити æмбурдгонд уруссагау рауадзун æма гъæуама иссирдтайдæ тæлмацгæнæг.

Рандæ ан Переделкиномæ. Уоми гъæуама фембалдайанæ поэт Александр Межирови хæццæ (Уæлдæр литературон къурсити нин поэзий семинари разамонæг адтæй), цæмæй нин еске байамудтайдæ. Баййафтан æй æ косæнуати. Хатир си ракурдтан, уæдта ин хабар балæдæрун кодтан. Еуминкъий рæстæги фæсте нин



Хазби æ хеуæнтти хæццæ уолæфуни рæстæги Цъæйи.

байамудта Сергей Залини. Уой размæ ин æ кой некæд фегъустон, фал æй Межиров хъæбæр æстудта.

Иссирдтан еци Залини, бадзубанди кодтан æ хæццæ, Хазби имæ е ‘мдзæвгити рæнгъæй-рæнгъæмæ тæлмацгæндтитæ равардта. Фал, мæнмæ гæсгæ, Залин сæ раййевунмæ нæ исарæхстæй, кæд Межирови редакцигондæй хецæн киунугæй рацудæнцæ (Хазбий мæлæти фæсте, уæддæр). Тæлмацтæ æнцæ унгæггомау, тог си фагæ нæййес, Хазбий уоди парахатдзийнадæ си нæ уинæн...

Аййевадæ æма культури косгутæн, 1968 анзи сæрди, адтæй æмбурд (нуртæккæ профцæдести облæстон Совет ци хæдзари æй, уоми). Æмбурди фæсте финсгутæн фегъосун кодтонцæ, Уæллагири коми, дан, фиййæуттæмæ агитбригадæ цæуй æма уи кæд еске фæндуй сумахæй дæр. Хазбий хæццæ раунаффæ кодтан, уæдта аразий дзуапп равардтан.

Цалдæр сахаттей фæсте нæ хуæдтолгæ «ГАЗ-69» скъардта Æрæдони 'рдæмæ надбæл. Уоми культури Хæдзари агитбригадæй дæр цудæй кадæртæ. Нæ хæццæ адтæй обкоми инструктор Дзаласти Барис. Æрæдони культури Хæдзарæй нæ хæццæ рацудæй дууæ кизги æма дууæ лæхъуæни. Æрфусун кодтан Зæрæмæги турбази.

Еци бон фембалдан фиййæутти хæццæ. Сæ уотæрттæ адтæнцæ Нарæй еу километр рæбундæр, Лиайи дони билæбæл. Сæ уолæфæн бунати адæмон зартæ æма фæндурдзагъд ку райгъустæй, уæд сæ цийнæн кæрон нæбал адтæй. Хазби бакастæй е ‘мдзæвгитæй цалдæр, æз ба бакастæн Плити Гриси «Æртхутæгдон», Калоти Хазбий «Зæхмæ курдиат» æма Кочисати Мухарбеги «Фæстаг салам» («Мыййаг хæсты быдыры искуы...»)

Æртæ 'хсæви фæцан турбази. Еу бон фиййæутти хæццæ фæцан, уæдта бахъæрдтан сауæнгæ Захъамæ дæр. Не ‘мбæлццон кизгутти хæццæ балимæн ан, кæрæдземæн аллихузи игъæлдзæг хабæрттæ дзурдтан, сауæнгæ æнæфсæр дзурдтæ кæми адтæй, уæхæнттæбæл дæр нæбал аурстан. Хазби дæр раздæри хузæн нæбал адтæй, худтæй, гъазæн хабæрттæ кæнунæй нæбал æфсастæй. Фадуат ин фæууогæй, кизгутти æ рази ‘рбадун кодта æма хинцфæрсæ кæнунбæл исхуæстæй:

– Кизгуттæ фулдæр циуавæр лæхъуæнти уарзунцæ… Уарзондзийнадæ ци 'й сумахмæ гæсгæ?..

Æма уотæ идарддæр... Фал ами дæр зудта бæрцæ...

Изæрæй ба турбази уидæ гъастизæр. Хазби дæр си кодта европаг кæфтитæ.

Еу сæумæ нæ иуæнгтæ райвазæн, зæгъгæ, раги исистадан. Тургъи Хазби цийнæгæнгæ исдзурдта:

– Турник дæр си ку ес!..

Æхе имæ рæуæгæй исгæлста, æ къæхтæ фæрразмæ кодта, æма уруссагау «склепка» ке хонунцæ, уой æнцонтæй ракодта. Уæдта æ губуни цъарæбæл цалдæр хатти æрзилдæй. Ку ‘ргæпп кодта, уæдта æ цæнгтæ бателгæй, цума неци адтæй, уой хузæн загъта:

– Уæллæй, æгæр бафтудтон мæ уæзæбæл.

Æз имæ къехæй кæсгæ райзадтан, мæ меднимæр имæ хицæй мардтæн: турникбæл мæхе цалдæр исти искæнунæй уæлдай нецæмæ арæхстæн.

Турбази тургъи хæрхæмбæлд фæдтæн мæ зонгæ Хъалæгати Юрийбæл. Педагогон институти еу рæстæг ахур кодтан. Æ хæццæ ба адтæй дууæ 'мбали – инженер Хъуссати Барис æма математики ахургæнæг Касати Амурбег.

– Цæуæн нæ хæццæ Турсугоммæ, – гъазгæхузи исдзурдта Юрий.

Æма нин радзурдта, ци унаффæ сæмæ ес, уой.

– Мадта цæуæн? – фæрсун Хазбий.

Е рагъуди кодта æма федарæй загъта:

– Ци уа, уой уæд – цæуæн!

Турбази уæзласæн машинæ нæ бахъæртун колдта Захъамæ, уæдта нæ хурдзинтæ нæ рæгъти багæлстан æма гакъон надбæл Абайти гъæумæ бахизтан, уордигæй фæххæрдæ кодтан æфцæги 'рдæмæ. Адæймаг уæхæн надбæл зинтæ цæйбæрцæ фæууинуй, цийнæ дæр уомæй минкъийдæр нæ бавзаруй. Истухстан, нæ фур фæлладæй нæ къæхтæ нæ фæсте ластан, нæ хед нæ цæститæмæ тагъдæй, нæ хæссуйнæгтæ нæбæл уæзæ кæнун райдæдтонцæ, фал бухстан, бæлдтан риндзæй ракæсунмæ, нæуæг дуйне фæуинуни монцтæ нин нæ зæрдитæ игъæлдзæг кодтонцæ.

Æфцæгмæ ма нæ дзæвгарæ гъудæй, уотæ кæрдæгбæл цалдæр бæхи хезгæ исæййафтан. Ку нæ рауидтонцæ, уæд сæ сæртæ разилдтонцæ мах æрдæмæ, æнæуæнкæ каст нæмæ кæнунцæ:

– Гъæйдæ, æрахæссæн сæ! Нæ хурдзинтæ нин уæддæр еуминкъий рахæсдзæнæнцæ, – æваст исдзурдта Юрий.

– Хъæбæр раст зæгъис! – æ хæццæ исарази 'й Хазби.

– Ниууадзетæ сæ, – æ къох сæбæл ракъуæрдта нæ хестæр Амурбег. – Æнæуой ба уин ахæссун бакомдзæнæнцæ?

Уæдмæ Юрий æма Хазби сæ хурдзинтæ æрæвардтонцæ æма бæхти ‘рдæмæ фæррæст æнцæ. Махæн дæр гæнæн нæбал адтæй æма сæ фæсте фæррæст ан. Еу-фондз минутти сæ фæрратæрæбатæрæ кодтан, уæдта си дууæ нæ къохи бафтудæнцæ.

– Ке уи фæндуй исбадун? – фæрсуй Хазби.

Ку неке арази кодта, уæд бæхи рагъмæ исгæпп кодта æма 'й раздахта. Иннæ бæхбæл ба Юрий исбадтæй. Хурдзинтæ сæмæ ислæвардтан. Æнæ дзуларæ, æнæ саргъ бæхтæбæл, цæйбæрцæ исуадайуонцæ – сайтан сæ зонæг. Ку бафæлладæнцæ, уæд æрхизтæнцæ æма бæхти уоми дæлæмæ расурдтонцæ.

Æфцæгмæ исхъæрдтан рæфтæ 'рдæмæ. Фæстæдæр базудтан: æ бæрзæндæ æй 3132 метри. Æ рагъ гæмæх, саргъи хузæн æркъæлæт æй. Цæгатаг æма хонсайраг думгæ си хæрхæмбæлд фæцæнцæ, цума дзæбодуртæ сæ сикъатæй хуæцунцæ. Бунæй цъетедæнттæ æносон цъæх ехти æхсæнæй райервазтæнцæ, æзфæрраздæронæй тундзунцæ кумæдæр.

– Уартæ е ба Цъилий ком, дон дæр уотæ хуннуй, Терки райдайæн æй, – дзоруй Барис.

Искæсæни ‘рдигæй коми гъæбеси æрнигъулдæнцæ Турсуй гъæутæ. Нæ изæр бахастан Ресмæ. Нæ фусун – Хъуссати Мораткæ. Сæ ливзи хуæрзадæ тæф ми нур дæр нæма феронх æй. Уомæй размæ ке некæд фæууидтон, уæхæн цидæр кæрдæги адæ кодта. Рафарстон фусунти.

– Фидхуасæ 'й, – дзуапп равардта фусун. – Далæ нади билтæ идзаг æнцæ аци кæрдæгæй.

Фæстæдæр уæхæн кæрдæгбæл исæмбалдтæн Латвий. Кæнунцæ 'й цихтбæл æма æндæр хуæруйнæгтæбæл. Уруссагау æй хонунцæ тмин. Иронау «фидхуасæй» уæлдай ма ин ес дууæ номи – «цъамалæг» æма «басгæрдæг».

8

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг (Фæсбайкайлаг фронти искондиуогæй ма 1945 анзи архайдта Япониймæ нихмæ тугъди дæр), зундгонд ирон финсæг Секъинати Дзæрæхи фурт Владимири райгурдбæл 20 апърели исæнхæст æй сæдæ анзи (1921-1985).**

*ХОСТИХЪОТИ Зини имисуйнæгтæй: «Мæ нæуæг финст æмдзæвгитæ имæ ахид раттинæ кæсунмæ. Хатгай æ критикæ уоййасæбæл карз уидæ, æма мæ меднимæр искæрдинæ: неци ми рауайдзæнæй, ниууадзун гъæуй финсун... Фал мин мæ финстити ескæд дзæбæх рæнгъитæбæл ку исæмбæлидæ, уæдта мин дессаги нифситæ райвæридæ мæ поэзий исонибонæн...»*

# ÆМГАРИ СОРÆТ

Реси фæсте адтан Турсугоми иннæ гъæути: Тъепий, Джимарай, Бормæсуги, Суатъиси, Абанай, Окрохъанай, Къоби. Бормæсуги нин фæууинун кодтонцæ, мæсугæн ци толдзæ къума адтæй, уой. Бадтан, Нарти кадæнгити ке кой ес, еци ковæндонæ Таранджелоси рази. Турсуй ком зундгонд æй æ сауæртæй. Хуртæбæл сурх-сурхид цъарæ исæвардтонцæ, уотемæй ниппурхæ 'нцæ урух дæлвæзти. Хъасарагоми Терки билæбæл ес, æ фæзуат еу-финддæс квадратон метри кæмæн æй, уæхæн донигурæн. Цума агъазиау дон пæлхъ-пæлхъæй фицуй æрхи аги, уой хузæн финкæкалгæ, сур-сургæнгæ цæхъал кæнуй æнæрлæугæй. Куд дзорунцæ, уотемæй æ сæрти маргъ ниллæгти ку ратæхуй, уæд донмæ æнæрхаугæ нæ фæууй – цидæр æнахур газтæ, дан, си цæуй уæлæмæ.

Турсугоми балци фæййагъаз æй нæ дууемæн дæр. Айдагъ Терки донигурæн ке фæууидтан, е дæр бери аргъ æй. Хазби е 'мдзæвгæ «Уæхскуæз куыстыты арвыстон мæ рагбонтæ...» дæр уæд ниффинста. Мæнмæ дæр фæззиндтæй цалдæр прозаикон миниатюри, уæдта æмдзæвгæ «Æфцæгмæ хизгæйæ». Æмдзæвги иссирдтон Хазбий ном æма 'й миниатюрити хæццæ еумæ равардтон «Мах дуг»-мæ. Журнали нæма рацудæй, уотемæй æнæнгъæлти фæммард æй Хазби. Æмдзæвги номерæн есун багъудæй...

***

Нæ фæстаг фембæлд адтæй 1969 анзи 17 январи. Мæ каникултæ бабæй рарвистон Дзæуæгигъæуи. Сæумæй еудæс сахаттебæл фембалдан Хазби, Джиккайти Шамил, Ходи Камал æма æз. Телеуинунадæмæ цидæр гъуддæгути фæдбæл иссудан. Хазби адтæй игъæлдзæг: æ зæрдæ кæмæй цийнæ кодта, уæхæн куст имæ ке 'рхаудтæй, уой туххæй æви цæмæн – магъа. Нæуæгдаст, æ сæригъунтæ дæр аййев. Нæ гъуддæгутæ ку рахецæн æнцæ, уæд цуппаремæй фестæгæй æрхизтан къулдумæй. Ниццудан Ирон гъæунгæбæл. Не 'мбæлттæй еу (æнгъæлдæн, Шамил) дзорун райдæдта нæ литератури уавæрбæл. Æ цæрæнбонти, дан, ирон киунугæ ка нæ бакастæй, литературæн æгириддæр ка неци лæдæруй, гъæуама, дан, нин нæ финститæн уæхæнттæ аргъгæнæг исуонцæ (дзубанди цудæй обкоми косгутæй кедæрти туххæй, æ цæргæбæнтти карьерæдзауæн ка кодта, бæрзонд æма гъар бунатбæл фæххуæст ун æ устурдæр бæлдæ кæмæн адтæй, уонæбæл). Еугурæйдæр æрмæтъæл ан, еу рæстæг хъипсун некæмæйбал цудæй.

– Цæмæй тæрсетæ, цæмæй! – æваст райгъустæй Хазбий федар гъæлæс.

Е нæ еугуремæн дæр нифси хуасæ фæцæй, нæ тухстдзийнадæ уайтæккæ дæр æрбадæлзæнхæ 'й, раздæри гакки бабæй исбадтан. Уæдмæ æрхъæрдтан цæдести Хæдзари размæ. Хазбий æ кустмæ цæун гъудæй. Кæрæдземæн хуæрзбон загътан. Тæккæ дуари рази ма нæмæ Хазби еу каст фæккодта, æ рахес къох уæлæмæ исиста фæндарасти нисанæн, æ сæр зинна-нæзинна батилдта æма медæмæ бахизтæй.

Æз æма Шамил ба Ленини гъæунги дæлæмæ æрцудан. Камал цирдæмæ базилдæй, уой ба нæ гъуди кæнун.

Æхсæвеуат кодтон мæ хæстæгутæмæ. Æмбесæхсæвæ мæмæ фусунти уосæ фæффæдеси æй, Бицъоти Гришæ, дан, телефонæй дзоруй, Хазбибæл топп февæзтæй, зæгъгæ. Сахатмæ 'ркастæн: цуппæрæймаг райдæдта. Тагъд-тагъдæй мæ хъæппæлтæ ракодтон æма фендæдуар дæн. Гъæунги цъеуæзмæлæг нæ адтæй. Мæ сæри хъанзи дæнг-дæнг кодта еунæг гъуди: ци 'рцудæй Хазбибæл!..

Хæдзари баййафтон Муртазти Бариси æма Бицъоти Гриши (Хазбий хæццæ еу хæдзари цардæнцæ), уæдта синхæгтæй кедæрти. Еугурæйдæр марди хузæнæй лæудтæнцæ. Медæггаг уатмæ бахезæни пъолбæл æма дуари рахес фарс фарсбæл – тоги листæг пурхæнтæ. Мæ бацудмæ Хазбий сæйгæдонæмæ фæлластонцæ. Минкъий фæстæдæр фæззиндтæй Малити Васо дæр. Цалдæремæй (Гришæ, Васо, æз æма синхæгти биццеутæ) ранæхстæр ан сахари гъæунгти. Автобустæ нæма цудæнцæ – базари разæй Иристойнаг гъæунгæмæ нæ (сæйгæдонæ уоми адтæй) фестæгæй цæун багъудæй. Æдзæрæг гъæунгти нæ къæхти гъæрæй салд мети дирзæг хъис-хъисæй уæлдай неци фегъосæн адтæй. Айдагъдæр Бицъоти Гришæй цалдæр хатти исервазтæй дууæ зæрдресæн дзурди: «Мæнæ дессаг!..»

Сæйгæдони тургъи баййафтан Хазбий бийнойнаг Люси, Цæрукъати Владимири æма цалдæр силгоймагей. Люся нæ ку рауидта, уæд никкудтæй æма нæбæл æхе æрбагæлста. Тургъи къелатæбæл лæудтæнцæ Хазбий дзаумæуттæ – пидджак, хæдонæ, хæлаф. Люси къохи ба æ туфлитæ... æ катайæй не 'нцадæй. Кадæр къелайæй исиста Хазбий дарæс æма зæнхæмæ æркалдæнцæ листæг изди фати гагатæ. Люся рæстæгæй-рæстæгмæ уæхæн æверхъау цъæхахст никкæнидæ (фал си цæмæдæр гæсгæ цæстисуг нæ хаудтæй) æма имæ тургъи лæугутæ къехæй кæсгæ байзадæнцæ. Еу рæстæг фæссабур æй, æма 'й рафарстон, хабар куд адтæй, зæгъгæ. Нур, кæд авд анзи рацудæй, уæддæр ма ин гъуди кæнун æ дзубанди:

– Æхсæви еуæндæс сахаттебæл æрбацудæй нæхемæ. Æз хусгæ кодтон. Сæумæй цауæни цæун, зæгъгæ, топп рахаста æма гилдзити хæццæ архайдта. Æз ин цалдæр хатти загътон, æнафонæ 'й, сæумæй сæ исефтиндздзæнæ, зæгъгæ, фал мæмæ нæ байгъуста. Еу афони гæрахæй мæ гъостæ фæкъкъуру 'нцæ. Фæккастæн, æма Хазби пъолбæл катай кæнуй. Топп ин æ къохæй райсон, зæгъгæ, æ хæццæ исхъурдохæн дæн, уотæ райгъустæй дуккаг гæрах дæр. Гъе нур еци хъурдохæнти рæстæг топп дуккаг хатт кæд мæхе къохи февæзтæй, уæддæр æй нæ зонун...

Изæрмæ сæйгæдони тургъи фæллæудтан, дохтирти минуттæй-минутмæ фарстан, фал неци нифс æвардтонцæ. Фиццаг æхстæй Хазбийæн фæццæф æй æ галеу цонг, дуккагæй ба – æ хурфæ (листæг издий гагатæ фæцъцъæсгитæ кодтонцæ хæлæрттæ æма ахсæни фæрстæ). Не 'мбæлттæй кадæртæ исуадæнцæ дуккаг уæладзугмæ. Цидæр тухæ мин ме 'уæнгтæ ниббаста, нæ мæ фæндадтæй Хазбий уæхæн кæуйнаг уавæри уинун, не 'ссæй мæ бон æ размæ бацæун...

Изæрæрдæмæ нин дохтиртæ загътонцæ: тог имæ бауадзун гъæуй, фал тог нæййес. Цалдæремæй машини рацудан тогесæн станцæмæ, уой фæсте ба фæстæмæ сæйгæдонæмæ æрæздахтан. Еу-фараст сахатти иссæй, æгас бон къæбæри гъæстæ нæ фæцан æма, ести ракомидзаг кæнæн, зæгъгæ, автостанций бакомкоммæ хуæрæндонæмæ бауадан. Тагъд-тагъдæй цидæр уазал хуæруйнæгтæ райстан, Хазби цæмæй фæййервæза, уой туххæй фæйнæ ниуазæнемæй Хуцаумæ искувтан æма бабæй сæйгæдонæмæ рараст ан. Колдуари рази нæбæл Цæрукъати Таймораз рамбалдæй æма æ цæстисугтæ сæрфгæй загъта: «Рацох æй». «О, Хазби», – зæгъгæ, Камали богъ-богъ райгъустæй, уæдта мин мæхе хъур дæр кæун фехгæдта.

Е адтæй 1969 анзи 18 январи, сабати...




**ДЗАБОЛАТИ Хазбийи ном хæссуй æ райгурæн гъæуи культури Хæдзарæ.**

**РЕДАКЦИЙÆЙ:** *Дзаболати Хазбий туххæй æ хуæрзæрдхуард Хъодзати Æхсари имисуйнæгтæй мухургонд бал фæцан сæ фиццаг хай, дуккаг хай (дзубанди си цæуй  æдзард поэти исфæлдистади туххæй) дæр мухур кæндзинан, нæ равгитæ куд амононцæ, уомæ гæсгæ. Абони ба ма кæронбæттæни бакæсетæ, Æхсар е 'мгари рохс ном ци æмдзæвгитæй иссирдта, уонæй еу.*

## ДЗАБОЛАТЫ ХАЗБИЙИ МЫСГÆЙÆ

«Хъæриумæ ссæуын не 'сфæрæзтам фарон,
Фæлæ та хъуамæ бафæлварæм ног.
Куынæ схизон, – мæхицæн æй ныббарын
Мæ бон нæ уыдзæн амæлæты онг».

Дзырдта-иу мын... Йæ цæст нæ иста хохæй.
Дзырдта: «Хъæуы та иннæ аз цæуын».
...Хуыздæрæнхъæл цы 'мгарæй уыдтæн, –
Оххай,
Фæсайдта мæ...
Хæкъуырццæй ма кæуын...

Ныр цалæймаг сæрд Иры хæхты зилын
Æнæ ме 'мгар – фæсмон  кæна мæрдты!
Йæ хаст æвсургъ æндон æрттигътæ 'ууилы
Хъæриуы бын, уæгъдидонæй хæты.
Йæ барæг мын цы зæрдæтæ æвæрдта,
Цы фидар истон уый ныфсæй мæ къах...
Хъæриуы цъупмæ нал ысхызт. Йæ фæндтæ –
Зынгхуыст...
Мæнæн – фæдывæр и мæ уаргъ.

*Дзаболати Хазби райгурдбæл дæс æма цуппаринсæй анзи ке исæнхæст æй, уой фæдбæл Алагири райони æ райгурæн Нæуæггъæуи астæуккаг скъолай арæзт æрцудæй поэти номерæн изæр. Архайдтонцæ си Алагири райони бунæттон хеунаффæйади администраций косгутæ, финсгутæ, ахургæнгутæ, скъоладзаутæ, Дзаболати муггаги минæвæрттæ, гъæуи цæргутæ.*

*Номерæн изæри райдайæни Хазбий циард æма исфæлдистадон нади туххæй радзурдтонцæ ахургæнгутæ Цæликкати Терезæ, Цъæхойти Иринæ æма Тæтæрати Светланæ.*

*Уой фæсте ахурдзаутæ равдистонцæ Хазбий æмдзæвгитæмæ гæсгæ литературон-музыкалон композици. Æма ин æ поэтикон уадзимистæ аййев бакастæнцæ Гуриати Зæринæ, Болатати Ангелинæ, Алинæ æма Хетæг, Гæззати Дианæ, Хъарати Ацæмæз æма Альбинæ, Годжицати Зелим æма Ланæ, Хинцæгти Сабинæ æма Борсиати Ангелинæ.*

*Алагири райони бунæттон хеунаффæйади администраций разамунди номæй имисæн изæр исаразгутæн, архайгутæн æма иуазгутæн зæрдиаг арфæ ракодта æ сæргълæууæги хуæдæййевæг Гозимти Раман.*

*Аййев æма ездон ирон кафтæй изæрмæ æрбацæугути зæрдитæ барохс кодтонцæ гъæуи Културi хæдзари, (е дæр хæссуй Хазбий ном) ирон кафти ансамбли солисттæ Годжицати Зелим æма Гæззати Дианæ.*

*Номерæн изæри архайгутæн, ахургæнгутæ æма иуазгутæн муггаги номæй зæрдиаг арфæ ракодта Дзаболати Хъазбег.*

*Скъолай ахургæнгутæ ма бацæттæ кодтонцæ Хазбий цард æма исфæлдистадон над æвдесæг къарти, киунугути, газеттæ æма журналти мухургонд æрмæгути цæмæдессаг равдист.*

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№881.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 21.04.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**

**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**

**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**